



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU LWA RESPÈ POU MARYAJ LA

"Jodi a, peyi nou an franchi yon gwo etap pou pi devan nan batay pou egalite pandan n ap siyen Lwa sou Respè pou Maryaj (Respect for Marriage Act, RFMA) la. Gras ak lidèchip Prezidan Biden, yon defansè depi lontan nan kominote LGBTQ+ la, nouvo lwa bilateral sa a pral finalman anile lwa diskriminatwa ki demode ke yo rele DOMA epi asire ke gouvènman federal la trete tout maryaj yon fason egal.

New York fyè dèske li kay Stonewall Inn la bèso mouvman modèn pou dwa LGBTQ+ la. Nasyon nou an rive nan moman istorik sa a an gran pati gras ak efò Nouyòkè yo ap fè: aktivis trans tankou Marsha P. Johnson ak Sylvia Rivera, lidè masisi ak madivin tankou Larry Kramer ak Edie Windsor, ak alye yo nan biwo eli yo ki gen ladan Lidè Majorite Sena a Chuck Schumer, Reprezantan Esponnsò RFMA Jerry Nadler ak manm bilateral yo nan Delegasyon New York la ki te sipòte lwa sa a.

Pa twonpe tèt ou: Antanke Gouvènè ou, mwen p ap janm sispann goumen pou kominote LGBTQ+ la. Nou pral pwoteje pwogrè nou te fè nan lit pou egalite a epi bati sou yo nan ane k ap vini yo. Kèlkeswa ki moun ou ye oswa ki moun ou renmen, ou merite pou yo trete w ak diyite ak respè nan Empire State la."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418